

UNIVERSITE D'ETAT D'HAITI

COMITE NATIONAL HAITIEN DES RESTITUTIONS ET REPARATIONS

Premye Retrèt travay CNHRR la, Sam's Hôtel, 20 oktòb 2024

Fèydewout pou 2025

Nan retrèt sou reparasyon ak restitisyon CNHRR te òganize soti 17 pou rive 20 oktòb 2024 nan Pòtoprens, men prensipal rekòmandasyon ki te fèt :

- Deklarasyon lane 2025 kòm Ane Restitisyon Lafrans** : Avril 2025 ap make bisantenè ódonans Charles X te enpoze pou Ayiti peye 90 milyon fran pandan plis pase yon syèk. Komite a rekòmande Gouvènman ayisyen pou li deklare lane 2025 « Ane Restitisyon Lafrans anvè Ayiti ».
- Nòt fòmèl pou voye bay Gouvènman fransè a** : CNHRR rekòmande Gouvènman ayisyen an pou 1 voye ofisyèlman pa mwayen vwa diplomatik yon Nòt fòmèl bay Gouvènman fransè a pou li mande restitisyon pou « ranson endependans » lan ansanm ak enterè plis domaj. Li enpòtan pou Gouvènman ayisyen an inisyé rapidman yon dyalòg ofisyèl avèk Lafrans pou mete sou pye yon « Komisyon Miks pou restitisyon ranson endependans lan ».
- Revizyon dokiman ak achiv ki nesesè** : CNHRR ap facilite travay ekspè li yo nan rechèch dokimantè pou fouye nan achiv ki pi pétinan yo pou ede nou sou kesyon sa a. Anplis, CNHRR ap tabli yon kolaborasyon fonksyonèl ak sèvis konpetan Bank Republik d Ayiti pou kalkil finansye ki ajou sou montan pou restitisyon ak reparasyon yo.
- Kolaborasyon ak MENFP pou refòm nan ansèyman** : Komite a ap ranfòse ansèyman depi nan klas primè pou mete aksan sou reyapwopriasyon istwa nasyonal la, pandan li ap valorize patisipasyon esklav yo, fanm yo, ak tout mas pèp ki te patisipe nan revolisyón an. Nan kad refòm kirikilè nan pwogram eskolè ayisyen an, Komite a pral travay an patenarya ak MENFP a sou revizyon yon seri kontni nan lekòl ayisyen an.
- Òganizasyon Atelye sansibilizasyon** : Gen atelye pedagojik ki pral òganize pou otè mènyèl eskolè yo, ekriven yo, atis yo, istoryen yo ak jèn kreyatè yo pou travay sou tèm ki lye ak esklavaj ansanm ak kolonizasyon (rezistans, memwa esklavaj, fanm esklav, elatriye).
- Pwodiksyon zèv kiltirèl** : Pwodiksyon zèv kiltirèl yo (pwezi, fiksyon, mizik, dans, teyat, penti) pral sansibilize popilasyon an nan domèn sa yo. CNHRR ap antreprann avèk Arnold Antonin, yon selèb sineyas, pwodiksyon yon fim dokimantè sou restitisyon ak reparasyon.

UNIVERSITE D'ETAT D'HAITI

COMITE NATIONAL HAITIEN DES RESTITUTIONS ET REPARATIONS

7. **Restorasyon moniman istorik ak mizeyifikasyon teritwa a :** Pou prezève patrimwàn nasyonal la epi ranfòse santiman apatenans popilè a, CNHRR ap soutni e akonpagye Gouvènman ayisyen nan misyon l pou li restore plizyè moniman istorik (Sitadèl, Palè San Sousi, Palè 365 pòt ki twouve l nan Machan-Desalin, elatriye). Nan menm sans sa a, kolektivite territoryal yo ap gen pou idantifye epi valorize tout sit istorik ki sou teritwa pa yo. Ministe Kilti, Ministè Touris ak Ministè Enteryè ak Kolektivite Territoryal pral kapab bay kontribusyon pa yo tou nan pèspektiv sa a.
8. **Plan kominikasyon ak ankourajman kominotè :** Yon plan kominikasyon estratejik dwe mete sou pye pou travay pou sensibilize epi enplike differan branch nan populasyon ayisyen an nan demach k ap mennen sou reparasyon ak restitisyon an. Patenarya avèk òganizasyon popilè e feminis enpòtan anpil pou abòde sekèl kolonizasyon an, an patikilye enpak sekèl sa yo genyen sou fanm.
9. **Òganizasyon Konferans ak Wèbinè publik :** CNHRR ap òganize regilyèman yon pakèt konferans ak wèbinè pou enfòme epi sensibilize gran publik la sou differan aspè restitisyon ak reparasyon an.
10. **Òganizasyon rankont avèk Pwofesè ak Etidyan UEH yo :** CNHRR ap òganize echanj ak diskisyon avèk differan konpozant nan UEH la pou rive kreye plis inyon nan demach sa a nan UEH la.
11. **Òganizasyon kòlòk :** CNHRR ap mete anplas rapid komite òganizasyon pou 2 kòlòk, premye a ap fèt an me 2025 sou « Memwa Esklavaj, Panse Ayisyen ak Reparasyon » epi yon dezyèm an jiyè 2025 sou « Restitisyon, Reparasyon ak Sante Piblik » pou rive kowòdone efò refleksyon sou kesyon esansyèl sa yo.
12. **Ranfòsman lyen avèk CRC :** CNHRR ap ranfòse relasyon travay ak relasyon kolaborasyon li avèk Komisyon Reparasyon Karikòm (Commision des Réparations du CARICOM) pou rive mete tèt ansann pou jwenn yon konsansis pi laj devan ansyen puisans kolonyal yo.
13. **Konstriksyon Alyans ak Patenarya :** Invèsite Leta Ayiti ap mete li bò kote Komite Nasyonal la pandan li ap envite differan rezo ak regwoupman invèsite, òganizasyon entè-invèsitè e akademik, òganizasyon relijye, òganizasyon sosyete sivil òganize an Ayiti tankou aletranje pou rive ranfòse fòs presyon CNHRR la nan lit li ap mennen pou restitisyon ak reparasyon an.
14. **Apwòch jiridik ak kolaborasyon entènasyonal :** Komite a ap travay pou konbine pwosedi jidisyè e non-jidisyè pou abòde kesyon reparasyon an. CNHRR anvizaje ranfòse kolaborasyon li avèk yon bon kantite patnè ak alye entènasyonal tankou : *Mouvement International des Réparations (MIR) de la Martinique, la Clinique de Droit de CUNY, Institut pour la Justice et la Démocratie en Haïti, aux États-Unis, elatriye.*



REPUBLIQUE D'HAITI


UNIVERSITE D'ETAT D'HAITI

COMITE NATIONAL HAITIEN DES RESTITUTIONS ET REPARATIONS

ueh

15. **Itilizasyon pwodui restitisyon an :** Yon eleman enpòtan ki genyen nan dosye a an jeneral ansanm ak negosyasyon avèk Lafrans lan se itilizasyon sòm lajan ki ap restitye yo, modalite ak ritm restitisyon an ansanm ak bonjan transparans ki dwe genyen. Nan pèspektiv sa a, Komite a ta dwe abòde kesyon sa a rapidman epi pwopoze yon plan apwopriye. Yon rechèch sou plan envestisman ki déjà la ap lanse, pou amonize plan sa yo nan pèspektiv global sa a. Natirèlman travay sa yo ap fêt avèk òganis Leta ki konsène yo.

Objektif rekòmandasyon sa yo se estriktire aksyon ki dwe mennen nan restitisyon ak reparasyon an pandan Komite a ap ranfòse sansibilizasyon nasyonal ak entènasyonal la.



Komite Nasyonal Ayisyen pou Restitisyon ak Reparasyon